



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ÈD FEDERAL POU REZIDAN AK BIZNIS NAN KONTE STEUBEN KI AFEKTE PA TANPÈT TWOPIKAL DEBBY NAN DAT 8-10 OUT 2024**

*Prè ki gen to enterè ba Administrasyon Ti Biznis Ameriken an disponib kounye a pou pwopriyetè kay, rezidan yo ak biznis yo nan Steuben ak konte ki nan vwazinaj Allegany, Chemung, Livingston, Ontario, Schuyler ak Yates*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans ak Ofisyèl Konte yo te fè evalyasyon domaj preliminè apre tanpèt yo nan zòn ki afekte yo pou ede jwenn asistans federal*

***Aplikasyon pou prè yo disponib sou entènèt***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a asistans federal disponib pou Nouyòkè yo nan Konte nan vwazinaj Steuben, Allegany, Chemung, Livingston, Ontario, Schuyler ak Yates, ki te afekte nan move tan ki gen rapò ak Tanpèt Twopikal Debby soti 8-10 out, 2024. Pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo kounye a elijib pou aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an pou ede nan rekiperasyon apre tanpèt ki te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis yo.

"Nouyòkè yo ak biznis yo pa ta dwe oblije pote chay rekiperasyon tanpèt la poukont yo, epi prè sa yo pral ede anpil moun ki afekte yo pou yo rebati pi byen ak pi solid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te travay avèk dilijans pou bay resous nan zòn ki afekte nan Tanpèt Twopikal Debby, epi akòz patnè federal nou yo, pwopriyetè ti biznis yo kapab kounye a aplike pou asistans pou rekonstwi ak rekipere."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Tanpèt sa a te lakòz gwo domaj nan kominote sa yo epi moun yo bezwen fè reparasyon enpòtan epi ranplase pwopriyete pèsònèl ki detwi pandan y ap rekipere. Gras a Gouvènè Hochul ak patenarya ak SBA, kounye a nou pral kapab ofri rezidan yo ak ti biznis yo sekou."

Apre tanpèt yo, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, ak ofisyèl konte yo te fè evalyasyon preliminè domaj nan zòn ki afekte yo pou ede jwenn prè SBA

yo. Prè SBA yo kapab trè itil pou pati ki elijib yo ki bezwen asistans finansyè pou yo pran wout rekiperasyon an apre dezast ki gen rapò ak move tan ak lòt ijans yo.

### **Kalite Prè pou Katastwòf**

Prè pou katastwòf sa yo disponib:

- Prè pou Biznis nan ka Katastwòf Fizik: Prè bay biznis pou repare oswa ranplase pwopriyete biznis ki andomaje nan katastwòf la, tankou byen imobilye, envantè, founiti, machin ak ekipman. Biznis tout dimansyon yo elijib. Òganizasyon prive, ki san bi likratif yo tankou òganizasyon charite, legliz, inivèsite prive, elatriye, elijib tou.
- Prè pou Katastwòf nan ka Dega Ekonomik (Economic Injury Disaster Loans, EIDL): Prè pou fon woulman ki ede ti biznis, ti koperativ agrikòl yo, ti biznis ki angaje nan akwakilti, ak pifò òganizasyon san bi likratif prive tout dimansyon yo reponn ak obligasyon òdinè ak obligasyon finansye ki nesesè yo ke yo pa ka satisfè kòm konsekans dirèk katastwòf la.
- Prè pou Katastwòf pou Kay: Prè bay pwopriyete kay oswa lokatè pou repare oswa ranplase byen imobilye ak pwopriyete pèsònèl ki te domaje nan katastwòf, tankou otomobil.

Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon, telechaje aplikasyon yo, epi aplike sou entènèt nan [isit la](#). Yo ka rele Sant Sèvis Kliyan SBA a tou nan 800-659-2955 oswa voye yon imèl nan [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov). Lokal pou asistans an pèsòn ak aplikasyon yo pral anonse nan jou ki ap vini yo.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 711 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Delè pou ranpli epi retounen aplikasyon yo pou domaj fizik nan pwopriyete se 9 desanm 2024. Dat limit pou retounen aplikasyon pou aksidan ekonomik se 10 jiyè 2025.

### **Sant Sansibilizasyon pou Prè apre Katastwòf**

SBA ap kreye yon Sant Sansibilizasyon pou Prè nan Ka Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) pou ede Nouyòkè yo aplike an pèsòn pou asistans nan — lè operasyon yo ap kòmanse madi 15 oktòb a 11:00 a.m. jiska mèkredi 30 oktòb a 4:00 p.m.

**First Presbyterian Church:** 10 Main Street, Canisteo, NY 14823

- Ouvè madi 15 oktòb, 11:00 a.m.
- Orè Operasyon yo:
  - Lendi rive vandredi: 9:00 a.m. rive 6:00 p.m.
    - Samdi: 10:00 a.m. rive 2:00 p.m.
    - Dimanch: Fèmen

## **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (DHSES) lan**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, vizite @NYSDHSES sou Facebook, X, Instagram, ak LinkedIn, epi vizite [www.dhses.ny.gov](http://www.dhses.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)